

1. Enfòmasyon sou paran/gadyen:

Non paran/gadyen (siyati, prenon, inisyal dezyèm prenon): _____

Nimewo Sekirite Sosyal _____ Dat nesans: _____

Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Adrès imèl: _____ Nimewo telefòn: _____

2. Minè w ap mande aksè pou li a ak relasyon w ak minè a

Minè:

Non (siyati, prenon, inisyal dezyèm prenon): _____ Dat nesans: _____

Adrès: Menm adrès ak paran ki anwo a

Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Adrès imèl: _____

Tanpri tyeke bwat ki aplikab la:

- Paran (marye ak lòt paran minè a oswa pa t janm marye avèk tout dwa legal)
- Gadyen legal
- Paran ki divòse oswa ki pa marye avèk responsablite tousèl/ responsablite pataje
- Pwokirasyon pou swen sante

3. Otorizasyon pou divilge enfòmasyon nan LH MyChart (Seksyon minè):

NOTE: Si ni paran oswa gadyen legal la ak timoun minè a pa bay konsantman mityèl pou toulede pati yo gen aksè nan *MyChart*, kidonk okenn nan pati yo pap ka gen aksè.

Mwen _____ (Non pasyan an) lamenm mwen otorize itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal mwen ki pwoteje. Mwen konprann otorizasyon sa a se yon bagay ki volontè epi mwen ka refize siyen l.

Bi divilgasyon sa a se pou pèmèt itilizatè ki otorize anwo a pou l gen aksè nan tout kont Lee Health & Community Connect Partners MyChart mwen an ak tout enfòmasyon medikal ki pwoteje ak lòt enfòmasyon ki gen ladan yo.

Mwen konprann Lee Health, ak Antite Kouvri ki afilye avè l, ak Community Connect Partners pa pral kondisyon tretman, pèman, enskripsyon oswa elijiblite pou resevwa benefis kit ou ranpli otorizasyon sa a ou non.

Mwen konprann enfòmasyon ki nan dosye medikal Lee Health, ak Antite Kouvri ki afilye avè l, ak Community Connect Partners MyChart mwen an ka gen ladan l enfòmasyon ki gen rapò ak maladi ki seksyèlman transmisib, gwosès, sendwòm iminodefisyans aki (SIDA), oswa viris iminodifisyans imen (VIH). Li ka gen ladan l tou enfòmasyon sou sèvis sante konpòtmantal oswa mantal, ak tretman pou abi alkòl ak dwòg.

Mwen konprann tout divilgasyon enfòmasyon gen ladan l potansyalite pou yon redivilgasyon ki pa otorize epi règ sou konfidansyalite federal epi/oswa leta ka pa pwoteje enfòmasyon an ankò.

Mwen konprann mwen gen kapasite pou m revoke otorizasyon sa a nenpòt lè mwen al nan kont Lee Health, ak Antite Kouvri ki afilye avè l, ak Community Connect Partners MyChart mwen an oswa lè m voye notis alekri bay Privacy Officer nan Compliance Department - P.O. Box 2218, Fort Myers, FL 33902. Revokasyon otorizasyon m nan pral anvigè dèke yo resevwa l, men li pap gen efè sou aksyon yo te deja pran pandan otorizasyon sa a te anvigè.

Mwen konprann otorizasyon sa a ap revoke sou 18èm anivèsè m, amwenske m chwazi revoke l pi bonè.

Lamenm, mwen menm ak siksesè oswa moun mwen asiye yo libere Lee Health, ak Antite Kouvri ki afilye avè l afilye l yo, anplwaye l yo, reprezantan l yo, ajan l yo, ofisyè l yo, konsèy administrasyon l lan, volontè l yo ak nenpòt lòt moun k ap patisipe nan swen mwen ak siksesè ak moun li asiye yo de tout responsablite ikonpri reklamasyon pou difamasyon oswa vyolasyon lavi prive, ki dirèkteman oswa endirèkteman konekte avèk, ki rive akoz, oswa ki se rezilta itilizasyon otorize enfòmasyon mwen ki nan LH MyChart.

Mwen konprann mwen dwe ranpli otorizasyon sa a konplètman, siyen l epi mete dat ladan l pou yo ka konsidere l kòm valab.

Siyati pasyan minè a

Dat/Lè

Non pasyan minè a an lèt majiskil

4. Dokimantasyon ki nesèsè (Seksyon pou paran an):

Si w se gadyen legal la, yon paran ki divòse ki gen chaj parantal tousèl oswa chaj parantal ki pataje, ou gen yon pwokirasyon pou swen medikal pou minè a oswa lòt dokiman ki ta ka pèmèt ou gen aksè nan enfòmasyon medikal minè a, yo ka mande w pou bay LH yon kopi dokiman legal la avèk demann sa a pou aksè parantal. Mwen sètifye pa gen okenn lòd tribinal ki mete restriksyon sou dwa legal mwen genyen pou m gen aksè nan dosye medikal yo.

Mwen konprann lè minè a vin gen 18 an, aksè parantal nan *MyChart* la pral tèmine.

Mwen bay pèmision pou pitit mwen an ki minè gen aksè nan pwòp dosye medikal *LH MyChart* li a. Mwen konprann pitit mwen an ki minè ka revoke aksè parantal mwen an nenpòt lè pou nenpòt rezon.

Siyati paran / itilizatè otorize

Dat/Lè

Non paran an / itilizatè otorize a an lèt majiskil